

Plis Pase Lò...



KOUP DIMOND

PEYI AFRIK DISID

Koup Dimond nan se pi gwo evenman spòtif nan lemon, kote ke li fè pi bon atlèt ki nan lemon rankontre chak katran. De sa ki pi bon yo se gadyen ekip peyi Etazini, Tim Howard avèk pa peyi Brezil laki rele Kaká. Anplis de bon manèj yo genyen, yo chak gen yon bagay ki trèzenpòtan ke yo gen an komin.

Istwa Tim Howard La

Pandan ke li t'ap grandi nan New Jersey kòm yon timoun 10 an, Tim te aprann ke li te genyen yon maladi yo rele Tourette Syndrome, ki se yon pwoblèm nan brenn li kote ke sa fè li genyen tik sou plan fizik ak vèbal. Anpil moun make pou lavi ak pwoblèm sa, men Tim te pote viktwa sou maladi sa epi li te vin premye Ameriken ki te genyen Koup Mondyal FA avèk Manchester United. Etan ke yon gadyen nan ekip Mondyal Koup Dimond peyi Etazini a, li fè konnen ke se konfyans li nan Bondye ki ede l' simonte maladi Tourette la. Daprè sa Tim fè konnen, "viv ak maladi Tourette la pa fasil. Men Bondye te Beni mwen avèk don espòtif tou."

Kenbe Bagay yo Reyèl

Tim se yon moun tout bon ki, tankou tout moun, ap lite ak lavi a. Men, tou li kwè ke lavi a gen plis landan ke espò. Li di sa nan pawòl li pou kont li:

"Mwen vle moun konnen mwen kòm yon moun ki te eseye viv pou Kris. Yon moun ki pa t' toujou fè tout bagay dwat, ki te fè erè e ki trebiche, men apre tout bagay fini ki te kwè epi ki te gen lafwa ke Bondye se komansman ak lafen. Pou mwen menm sa enpòtan paske moun ap wè lhè w'ap trebiche yo konsa tou yo ka wè triyonf ou yo. Mwen vle pou moun konnen ke mwen te eseye viv chak jou pou Kris. Si sèlman mwen te kapab yon fanal limyè kote ke moun kapab wè Kris, sa ta pi enpòtan"

Istwa Kaka-a

Ricardo Izecson dos Santos Leite, ke tout moun konnen sèlman sou ti non Kaká (ti non yo bali paske frè li pa't kapab di non li byen lè li te timoun piti), se yon milye teren atakan nan ekip Kou Dimond Brezil la.

A 18 an, li te pwèske paralize apwè ke li te tonbe sot sou

tranplen yon pisinn. Doktè okòmansman te di que li ka pa janm jwe ankò, men kanta pou jwe li te jwe. Li vin yon chanpyon mondyal nan Koup Dimond lane 2007 la. Men, lavi Kaka gen plis ladan pase espò.

Pandan yon kanpay televizyon nan peyi Brezil, Kaká te pale ak dè milyon de moun de lafwa li genyen nan Jezikri.

"Mwen vreman paka imajine lavi mwen san Kris la. Tou sa ke mwen te akonpli, tout sa mwen fè nan lavi mwen, se akòz Bondye te gen yon plan ak yon destine pou lavi mwen. Yo nonmen mwen pi gwo jwè foutbòl nan lemon. Sa, pou mwen menm, se yon gran onè. Men pi gwo onè-a se sèvi Jezikri, paske Li ba mwen lespwa."

Moman pa Kaka-a

Moman pa li se te nan chanpyona koup Dimond la. Ekip li a, AC Milan, te fèk fin pote yon viktwa. Pandan estad la t'ap rele anmwe epi kèk jwè yo te anpile yonn sou lòt, yon moun pou kò li te atire atansyon tout moun.

Mayo seleksyon an te soti sou li epi fas li ak de men li te leve nan direksyon syèl la. Zye li te fèmen epi bouch li t'ap fè mouvman. Pawòl sa yo te tou limen sou chemiz li pou lemon antye te ka wè...



**SE
POU
JEZI
MWEN YE**

Pou kiM ou ou Ye?

Sa se vre pou nou tout. Kilès n'ap sèvi? Kilès ki mèt nou?
Kaká te chwazi Jezikri. E ou menm?

Jezi te viv sou tè-a gen 2000 ane de sa. Pèsonn pa diskite sa. Pandan lavi Li sou tè-a, Li te fè kèk deklarasyon enkwayab tankou:

“Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.” Jan 14:5-7

“Mwen menm, mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen l' an kantite.” Jan 10:10

“Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi.” Jan 11:25

Jezi te mouri sou kwa-a. Men, sou twazyèm jou a, jan Li te prevwa sa te gen pou fèt la, Li resisité. Levanjil Kris jan nou konnen li jounen jodi-a pa t'ap janm la si Li pa t' fè sa. Disip li yo ak patizan li yo te ka dekouraje epi yo tout te ka ale lakay yo. Men, temwayaj anpil te fè konnen ke yo te wè Li vivan. Menm disip sa yo ki te dekouraje yo vinn tounen temwen pwisan Jezi sa-a ki resisite-a. Anfèt, Li toujou vivan jounen jodi-a epi Li vle ou kwè epi mete konfyans ou nan li.

“Koute. Men mwen kanpe la devan pòt la, m'ap frape. Si yon moun tande vwa m', si l' louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay li, m'a manje ansanm avè l', la manje ansanm avèk mwen” Revelasyon 3:20

Si ou pa janm mande Jezikri pou antre nan lavi ou, se sèlman pou admèt ke ou peche (sa vle di ke ou fè sa ki mal epi ou bezwen sekou) epi kwè ke Kris te mouri pou peche nou yo e li kapab padone ou. Si ou vreman anvi swiv Li, kòmanse ak yon priyè tankou priyè sa a.

“Chè Bondye,

Mwen kwè Jezikri se Sovè lemon, ke Li te mouri pou peche mwen yo, e ke Li resisite sot nan tonbo a.

Seyè, mwen ba w lavi mwen. Jezi, Vini antre nan kè mwen e fè mwen vini tounen yon lòt moun. Se pou ou mwen ye.

Nan non Ou mwen priye,

Amen”

Si ou priye lapriyè sa a, li kritik pou w jwenn yon legliz ki kwè nan bib la kòm pawòl ki enspire soti nan Bondye, epi ki anseye ke Jezikri se Sovè e Senyè.



Milye Teren Brezil!
KAKA



Gadyen E.U.
TIM HOWARD



©2010

More Than Gold... — Creole